

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab IV bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh maca pamahaman téks warta siswa kelas VIII-F SMP Negeri 40 Bandung taun ajaran 2018/2019 saméméh maké stratégi SQ4R kaasup katégori sedeng. Katitén tina rata-rata peunteuna 67,1 tina peunteun maksimal 100. Ieu hal dumasar kana skor aspék kamampuh maca pamahaman téks warta nyaéta aspék struktur (judul/*headline*, bubuka/*lead*, jeung waruga warta), aspék unsur (naon/*what*, saha/*who*, iraha/*when*, dimana/*where*, kunaon/*why*, kumaha/*how*), jeung aspék basa (kalimah fakta jeung opini). Tina 31 siswa aya 29% (9 siswa) anu kaasup katégori hadé, 45% (14 siswa) kaasup katégori sedeng, sésana 26% (8 siswa) kaasup katégori kurang, sarta 0% (euweuh) anu kaasup katégori kurang pisan. Peunteun panggedéna 95, ari peunteun pangleutikna nyaéta 40.
- 2) Kamampuh maca pamahaman téks warta siswa kelas VIII-F SMP Negeri 40 Bandung taun ajaran 2018/2019 sanggeus maké stratégi SQ4R kaasup katégori hadé. Katitén tina rata-rata peunteuna 85,8 tina peunteun maksimal 100. Ieu hal dumasar kana skor aspék kamampuh maca pamahaman téks warta nyaéta aspék struktur (judul/*headline*, bubuka/*lead*, jeung waruga warta), aspék unsur (naon/*what*, saha/*who*, iraha/*when*, dimana/*where*, kunaon/*why*, kumaha/*how*), jeung aspék basa (kalimah fakta jeung opini). Tina 31 siswa aya 90% (28 siswa) anu kaasup katégori hadé, sésana 10% (3 siswa) kaasup katégori sedeng, sarta 0% (euweuh) anu kaasup kategori kurang jeung kurang pisan. Peunteun panggedéna 95, ari peunteun pangleutikna nyaéta 75.
- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman téks warta siswa kelas VIII-F SMP Negeri 40 Bandung taun ajaran 2018/2019 saméméh jeung sanggeus maké stratégi SQ4R. Ieu hal dibuktikeun dina uji hipotésis kalawan hasil ngitung statistik hasilna nyaéta signifikansi (sig.2 tailed) 0,000. Kusabab

Siti Maya Mariam, 2019

**STRATÉGI SQ4R (SURVEY, QUESTION, READ, REFLECT, RECITE, REVIEW) PIKEUN
NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA PAMAHAMAN TÉKS WARTA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

hasil signifikansina kurang ti 0,05, $0,000 < 0,05$ ku kituna, H_a ditarima atawa H_0 ditolak. Hartina aya béda anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman téks warta saméméh jeung sanggeus maké stratégi SQ4R. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén stratégi SQ4R bisa ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman téks warta siswa kelas VIII-F SMP Negeri 40 Bandung taun ajaran 2018/2019.

Dumasar hasil panalungtikan, bisa dicindekkeun yén stratégi SQ4R bisa ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman téks warta.

5.2 Implikasi

Dumasar kana kacindekkan di luhur, aya sababaraha hal anu bisa diimplikasikeun dina pangajaran maca pamahaman téks warta nyaéta prosés pangajaran maca pamahaman téks warta bakal nyugemakeun lamun stratégi pangajaran anu digunakeun luyu jeung udagan pangajaran. Stratégi SQ4R bisa ngagampilkeun siswa dina néangan idé poko hiji bacaan. Salian ti éta siswa bisa nginget informasi anu kacangking dina bacaan kalawan jangka waktu anu leuwih lila. Ku kituna, guru bisa ngalarapkeun stratégi SQ4R dina pangajaran séjénna, sangkan kamampuh maca pamahaman siswa bisa kaperhatikeun.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi, nyaéta

- 1) Stratégi SQ4R bisa ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman téks warta siswa kelas VIII-F SMP Negeri 40 Bandung taun ajaran 2018/2019. Ku kituna, stratégi SQ4R bisa dijadikeun salah sahiji stratégi alternatif pikeun guru dina pangajaran warta.
- 2) Sangkan leuwih ngabuktikeun kaéfektifan ieu stratégi perlu diayakeun deui panalungtikan séjén dina pangajaran nu béda.

Pikeun panalungtik kudu leuwih asak dina ngararancang stratégi pangajaran SQ4R.